'on. Bat. Gen.
XXXIV
1186

HARGA f 0.20

# Verslag Ringkes

Openbare debat vergadering anoe diajakeun koe P.S.I.I. Priangan-Wetan di Tarogong tg 28 Maart '32 djeung Openbare debat vergadering anoe diajakeun koe pihak Persatoean Islam Leles, di Kadoengora tg. 10 April '32.

ngaladenan panang-
tangna P.S.I.I.

Di karang koe :

**H. A. R. SOEKANTAWIDJAJA**

REGOL — GAROET

Druk. „Persatoean" Bd.

# „Pembela Islam"

Njaeta hidji s. kabar basa Malajoe di boekoekeun, anoe di kaloearkeun koe Comité „PEMBELA ISLAM' Bandoeng, saban boelan kaloear doea kali, kalawan make aksara Latijn (Walanda). Ngamoeat roepa-roepa pakabaran, pamandangan-pamandangan, piwoelang-piwoelang oetama sarta lian ti eta anoe patali djeung Islam. Oge ngamoeat sababaraha Ajat djeung Hadits anoe araheng, pikeun apalkeuneun, ketjap-ketjap para 'Oelama' para Kiai anoe malashoer. Deui ngamoeat Soeal-Djawab tina hoekoem-hoekoem Agama kalawan make dalil tina QOER-AN djeung HADITS.

Pangaos langganan noemoetkeun seueurna nomer,

| | |
|---|---|
| 6 nomer. . . . | f 2.— |
| 12 „ . . . . . | „ 3.75 |
| 24 „ . . . . . | „ 7.— |
| Sanomer (saboekoe). | „ 0.50 |

Pikeun ngaboektikeun, soepaja teu hamham, langkoeng saë ngalanggan atanapi tjobian heula, poendoet tjontona ka pangoeroes soerat kabar

**„PEMBELA ISLAM"** Lengkong Besar No. 90, Bandoeng.

0010-685649 60
0112530042
XXXIV 1186

# Pamandangan

Geus teu bisa dipoengkir deui, dina waktoe[2] keun nen- ›oeh. arga ning- anoe lasan mah

## NGALERESKEUN KALEPATAN

| K. | Baris | Lepat | Leresna |
|---|---|---|---|
| 4 | 8 | April | Maart |
| 9 | 32 | sok tata karama | sok make tatakrama |
| 11 | 16-17 | lamoen perselisihan, | lamoen teu perselisihan |
| 18 | 3 | mawa kasasaran, | mawa kana kasasaran, |
| 37 | 1 | tafsir tea dimoefakatan, | tafsir teu dimoefakatan, |
| 38 | 11 | njoba kana | njela kana |

. I. I. eroe- njaho aneh- slam, n sala jeung adian kieu teh, toeloej bae koe maranehna diloeka - leko, dilelempeng hawa napsoe maranehna tea soepaja djiga Agama Islam.

Pikeun ngaboektikeun anggapan di loehoer, oerang bisa njokot sawarehna bae tina boekti-boekti tea, kieu :

Waktoe ka toekang toekang, oerang njaho, jen pagoejoeban[3] Moehammadijah, Wal-fadjri, Persatoean

KON. BAT. GENOOTSCHAP VAN K. EN W.

## „Pembela Islam"

Njaeta hidji s. kabar basa Malajoe di boekoekeun, anoe di ka... PEMBELA ISLAM... kali, kala... moeat r... pamandan... lian ti eta... sababarah... pikeun a... para Kiai... Djawab... make da...

Pangaos

24 „ . . . . . „ 7.—
Sanomer (saboekoe). „ 0.50

Pikeun ngaboektikeun, soepaja teu hamham, langkoeng saë ngalanggan atanapi tjobian heula, poendoet tjontona ka pangoeroes soerat kabar

**„PEMBELA ISLAM"** Lengkong Besar No. 90, Bandoeng.

0060-68564960
011253092
XXXIV 1106

# Pamandangan

Geus teu bisa dipoengkir deui, dina waktoe[2] ieu, jen pergerakan P. S. I. I., geus pada ninggalkeun koe sakabeh pergerakan Islam anoe maloeloe mentingkeun, oeroesan ibadah djeung hiroep koemboeh.

Koe oerang bisa ditilik, naon anoe djadi marga lantaran, noe matak ieu pergerakan teh pada ninggalkeun koe kaomna, padahal pergerakan Islam anoe sedjenna teh, meh kabeh beunang diseboet, patilasan rengrengannana eta pergerakan, kapan asalna mah pada ngabaris djadi barisan P. S. I. I.

Anoe pangpangna mah, dina badan P. S. I. I. teh, loba pamimpin anoe ngabogaän tabe'at moeroegoel, bari ngandoeng i'-tiqad, hajang diseboet njaho koe anggapan oemoem, kana perkara anoe maranehna teu njaho, saperti kana oeroesan agama Islam, sanadjan njata lamoen maranehna tea ngabogaan sala sahidji maksoed bet patonggong - tonggong djeung anoe dipikarep koe Agama, tah lamoen aja kadjadian kieu teh, toeloej bae koe maranehna diloeka - leko, dilelempeng hawa napsoe maranehna tea soepaja djiga Agama Islam.

Pikeun ngaboektikeun anggapan di loehoer, oerang bisa njokot sawarehna bae tina boekti-boekti tea, kieu :

Waktoe ka toekang toekang, oerang njaho, jen pagoejoeban[3] Moehammadijah, Wal-fadjri, Persatoean

KON. BAT. GENOOTSCHAP VAN K. EN W.

Islam djeung Al - Irsjad teh, anoe sakitoe rapetna djeung P. S. I. I. teh, tapi . . . . . sanggeus toean Tjokroaminoto ngasongkeun kope tafsir Qoer - än, beunang ngarang Malwi Moehammad Ali, koe andjeunna rek disalin kana basa Malajoe, diasongkeunnana kana pasamoan Madjlis Oelama, anoe dina eta waktoe pagoejoeban[2] anoe kaseboet di loehoer teh djadi anggahotana Madjlis-Oelama. Koe pagoejoeban[2] anoe kaseboet di loehoer, eta kope tafsir teh teu dirempoegan, sabab patonggong tonggong (pasalia) djeung pangadjaran[3] Islam anoe toelen.

Lantaran anoe ngasongkeun eta kope tafsir moeroegoel, katoeroeg-toeroeg Congresna P. S. I. I. ngarempoegan kana ajana eta tafsir, kalajan hanteu ngawaro kana panghoelagna pagoejoeban anoe opat tea noe kaseboet di loehoer. Moehammadijah, Wal-fadjri djeung Al - Irsjad, harita pisan pada ngoembah leungeun, patoeraj hanteu rek miloe oeloebioeng deui kana Madjlis - Oelama anoe didjieun koe P. S. I. I. tea, malah koesabab Moehammadijah mah rada rongkah ngabantahna kana eta tafsir teh, nepi ka kadjadiannana Congres P. S. I. I. moetoeskeun njieun partij disiplin ka Moehammadijah, toer njata taladjak disiplin ka sasama oemmat Islam teh, sama sakali teu aja pangadjaran dina Agama Islam. Oepamana bae tjenah, lain ieu anoe djadi lantaran ajana disiplin teh, nja; eta mah tjeuk koering oge, sabab sok loeka-leko tea, dilelempeng ngarah kitoe peta teh, djiga parentah Agama Islam, da geuning ka pagoejoeban Islam anoe sedjenna mah henteu disiplin.

Ti waktoe harita ngan Persatoean Islam anoe masih keneh rapet djeung P.S.I.I. teh, sabab ingetan Persatoean Islam, bantahan kana tafsir Malwi Moe-

hammad Ali, geus dipadjoekeun djeung dikedalkeun, ditoeroet djeung henteuna mah, pasrah ka anoe boga pamilih bae.

Koesabab Persatoean Islam teh, ti mimiti diadegkeun oge, djadi hidji pagoejoeban anoe maksoednа, rek ngoelik enja[3] tina bab hoekoem ibadah sjare'at Agama Islam, roepana bae P. S. I. I. nendjokeun perdjalanan Persatoean Islam kitoe teh, teu kadoega, da poegoeh koedoe pinoeh koe pangaweroeh, loba kabisa, ari rek ngareudjeungan njaeta koe toena tea, tapi . . . . . didjero teu bisa teh, bari boga pakarepan hajang diseboet loba kanjaho koe oemmat Islam, katarik koe pakarepan kitoe teh, nepi ka ngaremehremeh, njapirakeun kana perdjalanan Persatoean Islam tea. Koe taladjakna propaganda ngaremehkeun tea, achirna P. S. I. I. patoeraj djeung Persatoean Islam.

---

# VERSLAG

**Openbare debat vergadering anoe diajakeun koe pihak P.S.I.I. Priangan Wetan di Tarogong,**

---

Doea poë deui ka openbare vergadering debat rek kadjadian, geus rabeng ma'loemat anoe beunang njitak, anoe ditanda koe Aroedji Kartawinata pamimpinna. Eusina eta ma'loemat, sadjaba ti ngadjak rame-rame koempoel ka oemmat Islam, dina wak-

toena, sarta nembongkeun Agenda anoe djadi toetoer-tjatoer, di handapna eta bewara, henteu sepi tina ketjap-ketjap sindiran, saperti : propocasi, pemetjah, anoe meunang boeroeh pikeun kaoentoengannana pribadi. Sadjaba ti soerat ma'loemat teh, rabeng soe-rat - soerat anoe ofisiel, ditoedjoekeun ka djelema[2] anoe pereloe ditangtang debat.

Poë Senen tanggal 28 April 1932, poekoel 8 isoek-isoek djalma - djalma geus padjedjel di sakola P. S. I. I. Tarogong, sabagian djalma ngagoendoek di loear adegan sakola teu kabagean tempat.

Poekoel $8^1/_2$ pihak anoe ditangtang debat geus hadlir kabeh, sarta poekoel 9 pihak pimpinan geus datang djeung toean Tjokroaminoto.

Vergadering di mimitian batjaän ajat Qoer - än koe H. MoestafaKamil, tina hal koedoena moesjawarat.

Aroedji Kartawinata voorzitter eta vergadering, moeka vergadering; sanggeus ngoetjapkeun kasoe-koerannana, tjeuk voorzitter : Saderek-saderek ! leu vergadering debat teh patali djeung ajana openbare vergadering Comite Agama Islam di Tjilame, anoe geus njempad ka P. S. I. I. kalajan hanteu ngandoeng oficiel ka pihak anoe ditjempad; dina vergadering ajeuna dibere laloeasa saseubeuhna, pikeun ngadebat kana sagala tangtoengan P.S.I.I., saderek ! Saderek ! sabenerna moal aja hidji mancesa, anoe sehat piki-rannana[1]), hajangeun ngabantah kana sagala tangtoe-ngan P. S I. I., anging anoe pingabantaheun teh, pi-hak : Provocasi, pemetjah, sjetan-sjetan djeung iblis[2]; —

---

1) Enja da ngan P. S. I. I. woengkoel anoe sehat pikiran-nana teh ! Corr.

teroes voorzitter nitah ngoemoemkeun ka Âkis pikeun mere katerangan tina hal asas, program tandhim djeung daja-oepaja arah perlawanan.

H. A. R. Soekantawidjaja : Toean voorzitter ! Koe sabab ieu vergadering rek ngajakeun debat, timbangan koering mah enggeus baë, entong dibatja deui asas, program tandhim djeung arah perlawanan teh, kapan djelema² teh geus loba anoe matja djeung geus mindeng ngadengekeun katerangan-katerangan dina sababaraha kali vergadering P. S. I. I. waktoe katoekang - toekang, malah geus wareg, ngarah teu hamboer waktoe.

Voorzitter, nangtoeng ngaledjeg, goepoej-gapaj, roempoe-rampa, boeloear-balieur, didjero H.A.R. Soekantawidjaja keur voorstel teh, sikepna teu hajang ngadjenan kanoe keur mere timbangan, sarta anoe mere voorstel keur tengah² tjaritana, dipotong koe sorana paloe voorzitter, dibantingkeun kana medja, bari sosoak : Hak voorzitter mere penerangan ka ra'jat oemoem ! Koe sabab eta teroes saderek Akis tjarita (gagah bener !)

Oemardin : Toean voorzitter, koemaha lamoen di lebah debat teh make voorzitter ti pihak loear, koering voorstel, soepaja ieu Tengkoe Mh. Oesman didjadikeun voorzitter dina debat.

Voorzitter, dina sadjero Oemardin voorstel kitoe, engas-engos, sikepna saperti djelema anoe kedjem, djaoeh tina ngadjenan anoe voorstel teh, bari megat kalimah koe ngabantingkeun paloena kana medja, bari sosoak : Teu pereloe milih voorzitter sabab ieu debat diajakeun koe P. S. I. I. (edas !)

Teroes Akis matja asas, seperti biasa bae maksoedna mah rek mere obor (panerangan), tapi lain matak beuki kaharti, anggoer beuki pabeulit, baliwet

djiga anoe ngadongeng, bari dina lebah Ajat - ajatna menta di pangmatjakeun koe batoer . . . . .

Dina tengah - tengah Akis keur njarita, sdr. H. A. R. Soekantawidjaja mere inget ka voorzitter:

Toean voorzitter! Atoer ordena sing bener, sabab ieu anoe njarita teh ngatjak.

Voorzitter megat kalimah koe sora paloena dibantingkeun bari sosoak : Anoe djadi voorzitter leuwih ngarti kana ngatoer orde (ehem !).

Dina lebah Akis njaritakeun : Saderek ! saderek ! Koedoe regepkeun, sing tartib sarta aman, oelah ting hararewos tjara Aboe Djahal ! !

H.A.R. Soekantawidjaja mere inget kanoe njarita : Montong sindir ! teroes - terang ngomong teh, ajeuna mah djaman teroes-terang.

Voorzitter ngabanting paloena kana medja, bari morongos ka H.A.R. Soekantawidjaja, pokna : Inget orde!!!

Djawab H. A. R. Soekantawidjaja : Lamoen make orde oge moal kieu, teu oemoem teuing aja ngadjaga rust djeung orde nepi ka ditjekel koe Akis (spreker), geuning bieu make, njeboetkeun koedoe tartib, koedoe aman, koedoe ngaregepkeun bari soendar-sindir, kapan kitoe teh haq voorzitter, lain haq spreker.

Voorzitter moemam-memem, bari ngabantingkeun paloena kana medja, sarta sosoak ; pokna : Hak spreker njarita kitoe.

H. A. R. Soekantawidjaja : Soegan ieu mah voorzitter tai meureun, euweuh teuing kanjaho.

Voorzitter beuki motah sosoakna, lantaran; ngadenge omongan anoe dianggap koe manehna kotor (ketjap voorzitter tai).

Publiek ojag, bari aja anoe pating tjorowok, pokna : Komo voorzitter mah leuwih kotor ! leuwih roedjit ! Sabab make omongan-omongan, pemetjah, provocasi, sjetan-sjetan, iblis-iblis sedeng tai mah lain la'nattoellah.

Akis anoe waktoe harita keur djadi spreker ngaratap tangis ngalengis, menta toeloeng ka politie, soepaja politie ngadjalankeun tindakan anoe keras, ka djelema-djelema anoe njieun gadoeh (gehger). Tiantara publiek ti djoeroe sakola aja anoe tjotjorowokan nitah tjaritjing.

H. A. R. Soekantawidjaja tjarita : Tjoba pikir koe voorzitter, eta Akis ngaratap tangis kitoe teh lain haqna, tapi anoe boga haq kitoe mah voorzitter, djeung naha nepi ka aja djelema tidjoeroe tjotjorowokan nitah tjitjing seperti voorzitter ! ? Naha ieu teh aja voorzitter ti djoeroe ! ?

Voorzitter lain ngadjenan kana pangeling-ngelingna H. A. R. Soekantawidjaja, tapi achirna voorzitter ngoesir ka H. A. R. Soekantawidjaja djeung ka Oemardin, soepaja kaloear ninggalkeun tempat vergadering.

Didjawab koe H. A. R. Soekantawidjaja djeung Oemardin : Pribadi moal njingkah, sabab datang kadieu teh meunang soerat ondangan oficiel ditangtang debat, koe sampean djeung koe batoer-batoer sampean.

Sanggeus rengse Akis matja asas djeung Somawiwinata matja program tandhim, pihak anoe ditangtang; dibere waktoe pikeun ngabantah.

**OEMARDIN :** Doeloer! doeloer! Meureun arandjeun njaho koering teh geus 12 kali diboei, eta teh lain tina maling hajam, tapi tina perkara S. I., lain koering teu moepakat kana kamadjoean, katjida koering moepakatna,

ngan baë dipikir - pikir koe koering P. S. I. teh gede soengoet baë, hantem baë ngalamoen koedoe kieu koedoe kitoe, bari teu gableg naon-naon, geuning sakoeliah Indonesia euweuh anoe boga sakola tjara di Tjilame, anoe adegannana beak f 8000, sedeng di Tjilame mah ngan diadegkeun koe oemmat Islam di ditoe baë toer mariskin, ari P. S. I. anoe sakitoe gede soengoetna teh, ieu gableg sakola djiga kandang sapi!? Djeung tjing sing baroga pikir, ari sabab teh koedoe djeung moenasabah, djalma hajang pare koedoe melak pare, djalma hajang hiber koedoe boga kapal oedara, da moal hasil koe soengoet baë ngelentroeng, moal hasil koe ngarenggi-renggi asas baë. Djeung eta loba lid P.S.I. anoe njarita, padjar teh djelema anoe kaloear tina P. S. I. teh tjenah kaloear tina Islam, ieu omongan teh estoe goblog pisan. Adjengan Tjilame, kaloear tina P S. I. teh ngarasa wadjib, sabab P.S.I. teh ngahalangan kana maksad andjeunna rek ngadjalankeun ibadah anoe sahaq-haqna, njaeta rek nolak bid'ah dina ibadah, sarta kanjahoan pamimpin-pamimpin P. S. I. teh loba bidjilan tina kebon kaso, anoe dalilna meunang ngararampa, toer mata koering sorangan nendjo loba anoe tara saralat. Ari asasna enja aloes, saha anoe rek ngabantah kana Qoer än djeung Hadits, tangtoe euweuh pidjelemaeunnana, ngan eta asas teh, lamoen dioekoerkeun ka lampah djelemana djeung kana omongannana estoe kedok woengkoel, rek dipake naripoe arandjeun.

Koemaha rek hajang ngandelna, oeroet toea Kampoeng nepi ka didjieun Ladjnah tanfidhijah di Garoet mah, geura di ditoe di Wanaradja, hidji djalma anoe ngareboet pamadjikan batoer, anoe megatkeun perhoeboenganana salaki djeung pamadjikan, megatkeun perhoeboenganana indoeng djeung anak, tah eta teh didjieun

Ladjnah, anoe karitoe patoet anoe sakitoe roedjitna djadi Pamimpin Islam !?

Sakieu bae heula, lamoen pereloe engke koe koering disamboeng.

H. A. K. SOEKANTAWIDJAJA: Doeloer! doeloer! Meureun andjeun kaget, ngoepingkeun omongan koering tadi, sabab aja omongan (ketjap) kotor, eta teh doeloer, asalna katarik koe omongan - omongan anoe kalalotor leuwih ti omongan koering kotorna, saperti tadi samemehna ieu vergadering diboeka, geus loba omongan anoe raroengseb kadengeaa koe koering, djeung taladjak-taladjak anoe katjida pika-tjeutjeubeunnana, katoeroeg-toeroeg voorzitter ieu vergadering, anoe koedoe ngadjaga katartiban ieu vergadering, dina boeboekana geuning omongannana teh anoe sakitoe kalalotorna, saperti ketjap propokasi, pametjah, sjetan, iblis, anoe maksoedna eta omongan teh disanghareupkeun ka koering djeung ka batoer² koering, kitoe deui dina lebah koering mere inget ka voorzitter, soepaja voorzitter njekel orde sing bener, sabab Akis omongannana ngatjak, padahal eta omongan teh koedoe djadi hakna voorzitter, tapi dipake koe spreker (Akis), tah kana pangeling-ngeling koering kitoe teh, geuning voorzitter teu pisan narimakeun, kalahka ti boeboentjelik njeboet bener kanoe salah, nepi ka tangtoengan voorzitter teh, sanadjan salah da eta batoer sorangan teroes baë dibenerkeun, bari teu ngawaro kana pangeling-ngeling koering, sanadjan bener oge, da eta manehna geus nganggap ka koering moesoeh, geuning sagala omongan koering teh, tjoekoep didjawab koe porongos djeung nakolkeun paloe baë kana medjana bari ti boeboentjelik.

Doeloer ! doeloer ! doemeh koering sok tata karama hormat tilawat, ka papada kawoela, seperti ka Dalem

koering sok make basa dampal dalem, ka Wadana sok make basa gamparan; ka anoe pantes diseboet djoeragan, koering sok njeboet djoeragan, koering njieun peta kitoe teh, boga pikiran hajang meunang pangadjen ti papada kawoela noe matak sok ngadjenan ka batoer teh, djeung eta deuih koering mah ti djaman karoehoen koering oge, euweuh anoe beuheung kali meureun, teu boga toeroenan porenges, pelekik, gede hoeloe, oemaing, goemede tjoentak-tjentik koemagoengan. Tapi sabalikna henteu beurangan, henteu sieunan koe saha bae oge, sok dikedalkeun soegri koeroeboekna koelit beuteung, anoe memang karasana toegenah, panasaran, pok bae diomongkeun hareupeun saha baë oge, oepamana bae ka diri koering rek aja noe ngahina koe omongan atawa koe naon bae, koering sadia pikeun moelangkeun eta panghina, saha bae moal boeroeng diladenan, kalawan teu gimir teu risi. Koering mah nangtoeng dina sagala oge, keur kahajang mah hajang nangtoeng dina hak, dina oeroesan drigama hajang oelah miloe kanoe ngaliwatan wates wet, dina Agama hajang oelah miloe kanoe ngaliwatan dalil sjara. Tah, tangtoengan koering kieu teh, tjeuk lid P. S. I. anoe parorenges, anoe pelekik, anoe oemaing, tjenah kitoe peta teh m e ë b e, da kahajang maranehna mah koedoe ngatjaproek kamana mendi.

Ajeuna koering rek njieun critiek anoe onwerplijk baë, da njieun critiek ka djelemana mah, meh sakabeh djelema oge boga kagorengan, henteu aloes sagalana.

Dina ieu boekoe tafsir asas, aja hidji katangtoean, dina katja 75, dina bab daja-oepaja arah perlawanan ibadah sjareat, tjenah P. S. I. daja-oepaja soepaja Doenja Islam, oelah ngagede gedekeun perselisihan[3], anoe saperti kaajaan djaman kiwari, anoe samata-mata ngeunaan mas-alah chilafiah tina hal foeroe' woengkoel.

KON. BAT. GENOOTSCHAP VAN K. EN W.

Tadina mah koering teh, teu rek oeloebioeng kana ieu hal, ari sababna saperkara koering lain lid P.S.I., tjeuk pikiran teh rek pait rek pahang oge, kop bae teureuj koe P.S.I., kadoea perkara openbaar debat kikieuan teh, moal hade pibaloekareunnana. Tapi koesabab dina ieu arah perlawanan teh, aja basa rek ngadaja - oepajakeun Doenja Islam, sedeng koering djeung batoer koering ngarasa djadi sabagian tina Doenja Islam, meureun lamoen koering perselisihan paham didjero njoektjroek sah-sahna chilafiah teh, tangtoe baë koe P. S. I. teh baris didajaoepajakeun dihalangan, noe matak koering ajeuna maksakeun maneh, miloe tjampoer kana ieu debat.

Doeloer ! Doeloer ! Hatoer oeninga :

PERSELISIHAN ! . . . . . CHILAFIAH !

Ari perselisihan teh njaëta chilafiah tea, ari chilafiah teh njaëta perselisihan tea ; moal chilafiah lamoen perselisihan, moal perselisihan lamoen teu ichtilaf, ieu chilafiah teh geus aja reboean taoen, ti baheula moela keneh. Ari ngagede-gedekeun perselisihan alias chilafiah teh kaaboeskeun kana tholab ngaranna, ari tholab teh hoekoemna wadjib, ari mariksa njoektjroek sah - sahna chilafiah tea, hoekoemna wadjib deuih. Ari foeroe' teh, soegri prak - prakan ibadah (oeboediah) eta kabeh foeroe', karana oesoel mah ngan Sjahadat woengkoel, ari chilafiah teh lolobana ngeunaän kana pertingkahna salat, sedeng oepama oerang tauhid, bari salatna teu bener, eta teh henteu kadjoemlah kana tauhid, sabab kapan Aqoid teh 50, anoe 41 sifat di Allah, anoe 9 sifat di Rasoeloellah, oepama tauhidna ngan kana sifat di Allah noe 41, eta teh teu bener tauhidna. Goesti Allah teh geus marentah kaoerang

soepaja njonto ka Rasoeloellah dina prak-prakan ibadah njaeta foeroe' tea, ari Rasoeloellah ditjontoan koe Malaikat Djibril, ari oerang ditjontoän koe Rasoeloellah, beh ditoena anoe pangheulana njonto teh para-sahabat, tah ti lebah dieu oge geus aja chilafiah teh, da poegoeh henteu bareng kabeh, njontona prak-prakan ibadah teh, noe matak djol bae aja parentahan ti Rasoeloellah, ibadah teh koedoe niroe tjara ibadah kami, oelah niroe kanoe sedjenna, sarta djol bae dawoehan Goesti Allah kieu: Oelah noeroet maraneh kanoe maraneh teu njaho, nja ieu pisan anoe djadi dalil wadjibna kana ngagede-gedekeun mariksa perselisihan alias chilafiah teh.

Ditilik koe koering Bestuur P. S. I. teh, loba pisan anoe tatagenan kana organisasi P. S. I., sanadjan anoe ngeunaäu oeroesan oeboediah oge, padahal lamoen oerang inget kana pok-pokannana djalma kaom Djahilijah dina soerat Al-Kafiroen, kieu pokna: Naon pereloena manehna nitah pertjaja ka Allah? Naha maranehna teh soepaja oerang ngakoe kabidjiannana Allah? Kapan oerang oge geus ngadjalankeun tjara kitoe, ngan baë oerang mah, pertjaja deuih ka sababaraha djelema, anoe oerang pertjaja jen eta djelema² teh, baris mere pitoeloeng djeung sjafa'at ka oerang, kalawan berekah daradjat arandjeunna, anoe loehoeng dina anggapan Goesti Allah s.w.t. Naha maranehna teh soepaja oerang ibadah ka Allah? Kapan oerang oge pada roekoe pada soedjoed, ka Goesti Allah anoe Agoeng, ngan bae ari oerang mah bari ngahormat para wali, anoe sok njafa'atan ka oerang, oerang menta toeloeng ka arandjeunna teh, ngan soepaja arandjeunna, noeloengan oerang soepaja oerang kaparek sareng masihan sjafa'at ti Allah s.w.t.

Koemaha wangsoelan Goesti Allah ka kaom Djahilijah anoe boga tangtoengan tjara di loehoer, kieu:

Oetjapkeun : „Heh djalma² kafir ! Kaoela moal ibadah kanoe diibadahan koe maneh, djeung maraneh henteu ibadah kanoe diibadahan koe kaoela, djeung kaoela henteu ibadah tjara ibadah maraneh, djeung maraneh oge henteu ibadah tjara ibadah kaoela, pikeun maraneh agama maraneh, pikeun kaoela agama kaoela". Toeh geuning kitoe, djawaban Goesti Allah ka anoe ngabogaan tatagenan teh, naon bedana tatagenannana kaom Djahilijah, ka djelema djeung wali-wali, lamoen dibandingkeun ka lid P.S.I.I. anoe tatagenan kana soesoenan organisasina, atawa ka anoe ngamoedina eta organisasi.

Dina ieu boekoe arah perlawanan ibadat sjare'at tea, aja toeloejna, pagah teh koe perselisihan dina foeroe' teh, ngadjadikeun poho kana wadjib djeung ngoerangkeun kakoeatan; di lebah dieu koering helok, wadjib anoe mana tea ? Da ari wadjib tjeuk sjara mah ngagedekeun mariksa perselisihan alias chilafiah teh kapan wadjib hoekoemna. Eta kitoe wadjib oesaha merdika !? Naha naon salahna lamoen enggoning ngoedag kamerdikaan teh bari ngoelik ibadah sing balener, kapan kdj. Nabi oge bari ngahantja ngoedag kamerdikaan teh, bari teu petot mener-menerkeun ibadahna oemmat, da andjeunna mah lain kamerdikaan Nagara anoe djadi podjokna toedjoean teh, tapi anoe djadi podjokna toedjoean mah, kamerdikaan Agama Islam, sabalikna kamerdikaan Nagara anoe teu berdasar Agama Islam, sama-sakali henteu diarep-arep.

Mangkaning di Garoet mah aja Kiai P. S. I. anoe boga omongan, tjenah henteu sah ibadah di Nagara anoe diparentah deungeun, estoening ieu teh anggapan djalma kasaroeng woengkoel, kapan kdj. Nabi oge, waktoe karadjaän Mekah di bawah parentah koe Djahilijah, geuning salat mah teroes baë, atoeh lamoen boga

anggapan kitoe mah, meureun kana ibadahna kdj Nabi didjero Mekah atjan merdika teh, koe anggapan eta Kiai mah, henteu sah ibadahna kdj. Nabi teh, pendekna ibadah mah oelah ngadagoan naon[s], bisi kaboeroe maot isoek pageto, matak eleh lahir sisip bathin. Tjindekna tjarita koering, satoergtoeng P.S.I. aja dajaoepaja arah perlawanan anoe pangkat kieu mah, koering wadjib njieun perlawanan actie terhadep ka P. S. I. I.

**H. MH. ANWAR SANOESI:** Saderek[a] ! Poegoeh bae saha anoe teu moepakat kana Ajat-ajat Qoer án, djeung saha anoe rek ngadebat kana pangandika Pangeran anoe geus diseboetkeun tadi, da poegoeh memang Ajat-ajat Qoer-án teh saketjap oge euweuh noe salah sarta wadjib diimankeunnana jen saantero Ajat[a] Qoer-án anoe 30 djoez teh eta kabeh bener, ngan dianggapna koe koering mah, eta Ajat-ajat Qoer-án teh koe Bestuur P. S. I. dipake kedok djeung dipake ngabobodo, boektina maranehanana gawena ngan awong awongan bae boh dina openbaar, boh dina besloten atawa tablig, madjar maneh koewatkeun Islam, koewatkeun tauhid, tapi ari boektina sama-sakali maranehanana henteu migawe kana djalan anoe matak bisa ngoewatkeun kana Islam djeung tauhid tea, kalahka maranehanana djadi golongan djalma anoe ngabentji ka golongan anoe digawe sakoeat-koeat pikeun meresan Islam djeung tauhid tea, boektina maranehanana katjida pisan teu panoedjoeeunana ka djalma-djalma anoe merangan bid'ah djeung anoe ngabasmi kamoesjrikan.

Maroekan maranehanana tauhid djeung Islam teh tjoekoep koe omongan woengkoel.

Maroekan maranehanana, awong'an ngadjak tauhid bari teu djeung prakna, eta teh kalakoean aloes.

Maroekan maranehanana, ibadah ditjampoer djeung bid'ah teh tauhid.

Djeung maroekan maranehanana awong-awongan ngadjak neangan kamerdikaan bari teu ibadah anoe sampoerna teh, eta perkara hade.

Padahal kalakoean anoe saroepa kitoe teh moenggoeh koe Goesti Allah mah sama-sakali teu dianggap hade, sabab lain kitoe ari noe dianggap aloes koe Allah mah, tapi ari noe dianggap hade koe Allah mah anoe kaseboet dina Ajat :

لَيْسَ الْبِرَّ اَنْ تُوَلُّوا وُجُوهَكُمْ قِبَلَ الْمَشْرِقِ وَالْمَغْرِبِ ، وَلٰكِنَّ الْبِرَّ مَنْ آمَنَ
بِاللهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ وَالْمَلَائِكَةِ وَالْكِتَابِ وَالنَّبِيِّينَ ، وَآتَى الْمَالَ عَلَى حُبِّهِ
ذَوِي الْقُرْبَى وَالْيَتَامَى وَالْمَسَاكِينَ وَالسَّائِلِينَ وَفِي الرِّقَابِ ، وَاَقَامَ الصَّلَاةَ
وَآتَى الزَّكَاةَ ، وَالْمُوفُونَ بِعَهْدِهِمْ اِذَا عَاهَدُوا ، وَالصَّابِرِينَ فِي الْبَأْسَاءِ
وَالضَّرَّاءِ وَحِينَ الْبَأْسِ ، اُولٰئِكَ الَّذِينَ صَدَقُوا وَاُولٰئِكَ هُمُ الْمُتَّقُونَ .

Maksoedna : Henteu dianggap hade moenggoeh Allah, djelema anoe njanghareupkeun beungeutna ka wetan atawa ka koelon, (tegesna djig ngaler, djig ngidoel, djig ngetan, djig ngoelon bari propaganda ngadjak kana tauhid anoe ngan omong woengkoel, djeung ngadjak neangan kamerdikaan anoe teu dibarengan koe pagawean

anoe bener, eta henteu kaseboet aloes) tatapi ari noe dianggap aloes moenggoeh Allah mah, njaeta djalma anoe iman ka Allah (tegesna anoe pertjaja kana hidjina Allah djeung kana benerna kangdjeng Nabi sarta ngadjalankeun kana sakabeh parentahna djeung tjegahanana) djeung anoe ngimankeun kana poë noe achir, djeung anoe ngimankeun ka Malaikat, djeung anoe ngimankeun kana kitab Allah, djeung anoe ngimankeun ka para Nabi, djeung anoe daek ngaloearkeun harta ka noe di pikaresep koe Allah, ka karabat - karabat, djeung ka boedak jatim, djeung ka noe miskin, djeung ka noe djadjaloek, djeung ka djalma beulian, djeung anoe ngadjalankeun salat, djeung anoe ngaloearkeun zakat, djeung anoe nohonan kana djangdjina, djeung anoe sabar dina kasoesahan djeung katjilakaan, djeung dina waktoe kapajahan, nja maranehanana anoe (koe Allah) di hoekoeman bener imanna, nja maranehanana anoe ka aboeskeun kana golongan djalma anoe bakti (anoe aloes djeung anoe moelja moenggoeh Allah.)

Tah anoe kitoe ari anoe diseboet aloes djeung moelja moenggoeh Allah mah, lain tjara pamimpin S. I. gedeboel kalahka omong.

Maroekanana omongan anoe teu dibarengan koe pagawean teh aloes. Eh pamimpin anoe palsoe! andjeun sing inget kana antjaman Allah :

كَبُرَ مَقْتًا عِنْدَ اللهِ اَنْ تَقُوْلُوْا مَا لَا تَفْعَلُوْنَ

Maksoedna : Gede dosana moenggoeh Allah, lateu dipigarawe.

Geura tina kabodoannana pamimpin S. I, ampir saban openbare djisim koering sok ngoeping anoe matja Ajat :

إِنَّ اللهَ لَا يُغَيِّرُ مَا بِقَوْمٍ حَتَّى يُغَيِّرُوا مَا بِأَنْفُسِهِمْ

Anoe maksoedna : Saenjana Goesti Allah moaJ ngarobah kana kaajaanana kaoem, kadjaba lamoen maranehanana ngarobah kana naon² anoe aja di maranehanana.

Ieu Ajat mani geus gentjel diboelak-balik dibaratja koe maranehanana, tapi koe lantaran kabodoan maranehanana, taja bedana djeung monjet ngagoegoeloeng kalapa, boektina tingkah lakoe maranehanana teh soelaja pisan djeung dalil - dalil anoe diaromongkeun koe maranehanana, ongkoh ari pihartieunnana dalil anoe sok diaromongkeun koe maranehanana mah maksoedna miwarang ngarobah kana sakoer kagorengan anoe aja di awak oerang, tapi eta kagorengan teh koe maranehanana mah diloeloegoekeun, boektina maranehanana geus wani ngarintangan ka golongan anoe njebarkeun hak, nolak bid'ah djeung merangan kamoesjrikan; malah bakating maranehanana bentji ka noe nolak bid'ah djeung ngabasmi kana kamoesjrikan tea, nepi ka maranehanana propaganda ka elid-elidna soepaja oelah ngalalanggan djeung oelah maratja kana soerat kabar Pembela Islam, Tjahja Islam djeung sabangsana, padahal kapan eta soerat kabar anoe diseboet bieu teh, dieusi pangadjaran Islam anoe katjida sampoernana, nerangkeun kamistian tauhid, kamistian iman Islam, djeung kamistian ibadah, sarta dibanding koe katerangan² anoe di andikakeun koe Goesti Allah djeung anoe ditjonto-

keun koe kangdjeng Nabi, njakitoe deui ngabasmi sakoer bangsa bid'ah-bid'ah anoe disarelapkeun dina Agama, anoe matak mawa kasasaran, anoe toengtoengna matak ngagebroeskeun kana Naraka, djeung lamoen eta bid'ah diantep, tangtoe matak djadi sabab kana toeroen la'nat ti Pangeran; geura ieu rareungeukeun dawoehan kdj. Nabi:

اِذَا ظَهَرَ الْبِدَعُ وَسَكَتَ الْعَالِمُ فَعَلَيْهِ لَعْنَةُ اللهِ

Maksoedna: Dimana-mana bid'ah geus njebar, djeung bangsa 'oelama' rarepeh (ngantep) baë, mangka tangtoe Goesti Allah masihan la'nat.

Noeroetkeun ieu Hadits, pamimpin anoe ngadjeunkeun djeung ngantep kana bid'ah tangtoe manehanana di la'nat koe Pangeran, sabab, soemawonna lamoen manehanana teu ngadjalankeun ibadah, sanadjan ngadjalankeun oge, ari ditjampoer djeung bid'ah mah tangtoe ibadahna moal ditarima, sabab bathal tauhidna, sedeng kapan tauhid teh djadi dadasar kana sahna ibadah.

Deui pikeun ngaboektikeun kagedeboelan djeung kangatjoan P. S. I. oerang bisa ngilikan dina statutenna dina A r a h d a n d a j a - o e p a j a p e r l a w a n a n, h a l i b a d a t d a n s j a r e a t, anoe maksoedna jen P. S. I. teh sabisa-bisa daja-oepaja soepaja doenja Islam henteu ngagedekeun perselisihan chilafiah, anoe ngeunaan kana bangsa foeroe'; padahal kapan foeroe' teh djadi salasa hidji sjarat sahna ibadah, kitoe deui chilafiah wadjib dipariksa sing nepi ka djoetjoengna, soepaja oerang bisa netepkeun kana hoekoemna.

Tjenah eta ari njaritakeun chilafiah matak ngagoedjroedkeun djeung matak ngarenggangkeun persa-

toean, sedeng persatoean teh keur meudjeuhna dipikaboetoeh lantaran keur neangan kamerdikaan tea.

Euh djadi kitoe sababna pangna bestuur P. S. I. ngabentji kana chilafiah djeung foeroe' teh?

Atoeh ari kitoe mah P. S. I. teh lain politiek berdasar Islam, tapi pergerakan politiek berdasar paham, berdasar bid'ah, berdasar bohong djeung berdasar sadaek-daek.

Anoe matak djisim koering netepkeun kitoe, sabab tadi pamimpin S. I. geus awong-awongan njeboetkeun toendoek kana Qoer-án djeung kana Hadits soheh, tapi ari boektina maranehanana ngahalang-halang ka noe njoektjroek-njoektjoek mas-alah Chilafiah, padahal kapan njoektjroek mas-alah teh, eta kaseboetna njiar elmoe, sedeng kapan ari njiar elmoe teh hoekoemna wadjib.

Atoeh ari kitoe mah maranehanana teh tetela pisan ngalawan ka Goesti Allah djeung teu noeroet ka kangdjeng Nabi.

Tah kitoe sababna anoe matak P. S. I. teh tjek koering pergerakan politik paham djeung berdasar bohong, da boektina ongkoh tjek maranehanana arek noeroet ka Goesti Allah djeung ka kangdjeng Nabi, tapi ari maranehanana maranggih parentahan Goesti Allah atawa kangdjeng Nabi anoe heuteu moepakat djeung paham maranehanana, djeung anoe koe pangira maranehanana bakal ngadjadikeun pepetjahan, koe maranehanana ditinggalkeun' alias teu di toeroet, malah nepi ka dibentjina pisan, sabab maranehanana sarieuneun ditinggalkeun koe elid elidna.

Behna mah teu boga kaera, ongkoh maranehanana teh sok mindeng pisan kadenge gogorowokan pokna teh: B e r a n i k a r e n a b e n a r, t a k o e t k a r e n a

salah. Tapi ari boektina bet sabalikna njaeta : Berani karena salah, takoet karena benar, njaeta maranehanana wani ngabentji ka noe njebarkeun hak, ngabasmi bid'ah djeung merangan kamoesjrikan.

Tah kapan kitoe peta teh Berani karena salah.

Nja kitoe deui maranehanana teu wani alias sieun kana merangan bid'ah djeung kamoesjrikan; sabab maranehanana sarieuneun ditinggalkeun koe elid-elidna.

Lain eta teh djadi tjiri kana maranehanana Takoet karena benar?

Noeroetkeun boekti² mah maranehanana teh lain mentingkeun kana hakna agama Islam, tapi mentingkeun kana persatoean, samaroek maranehanana persatoean djalma anoe sasar teh matak ngadatangkeun kamerdikaan Islam, padahal kapan Goesti Allah geus ngandika, jen kamerdikaan Islam teh pibeunangeunana koe djalma-djalma anoe bener iman Islamna, geuning kieu dawoehanana teh :

وعد الله الذين آمنوا منكم وعملوا الصالحات ليستخلفنهم في الأرض

Maksoedna : Goesti Allah geus ngadjangdjian ka djalma-djalma anoe ariman ti antara maraneh (djalma² anoe koe Goesti Allah diseboet iman teh, njaeta djalma-djalma anoe ngakoe kana hidjina Allah, djeung anoe ngabenerkeun ka oetoesanaNa, sarta ngadjalankeun kana parentahanaNa djeung njegah kana laranganaNa), djeung anoe ngadjalankeun pagawean anoe hade, jen saenja-enjana maranehanana tangtoe koe andjeunNa di damel chalifah (anoe marentah) di ieu doenja.

Tah geuning kitoe dawoehan Goesti Allah mah, jen andjeunNa ngadjangdjian baris maparin kamerdikaan Islam soteh, ka djalma² anoe bener imanna djeung anoe ngadjalankeun pagawean anoe hade, tegesna dina perdjalanannana djeung dina ibadahna teh koedoe bener² tauhidna ka Pangeran, oelah ditjampoeran koe bid'ah, oelah ditjampoeran koe moesjrik, oelah pabaoer djeung tahajoel djeung teu meunang sakarep-karep mawa paham sorangan.

Djeung deui ari perkara persatoean djeung kamerdikaan Islam mah, henteu koedoe ditabeuh bae dina saban-saban openbaar, sabab eta mah boeahna iman.

Tapi ari anoe perloe dipigawe bener-bener mah, lamoen enja arandjeun ngakoe djadi pamimpin Islam, koedoe soenggoeh-soenggoeh ngadjalankeun parentah Allah djeung oetoesanaNa, njegah laranganaNa, sarta dibanding koe elmoena anoe bener, soepaja djalma² bener tauhidna djeung ditarima ibadahna.

Sabab lamoen djalma² geus arenja imanna djeung geus balener ibadahna, kalawan moal soesah pajah deui tangtoe maranehanana baroga karep sorangan kana ngahidji teh, sabab tangtoe pada ngalarti kana pangadjaran² Islam anoe nitah bageur, nitah rapih, nitah bener djeung nitah ngahidji.

Samangsa-mangsa djalma-djalma geus balener djeung geus ngahidji dina Islam, tangtoe kalawan gampang pisan meunangna kamerdikaan Islam teh.

Moega-moega bae djalma-djalma anoe ngakoe djadi pamimpin pergerakan Islam teh geura lalilir, oelah tonggoj bae dina kabelegoegan djeung kangatjoan, soepaja maranehanana oelah nepi ka djadi djalma kasasar djeung njasarkeun ka djalma loba.

Moega-moega diaremoetkeun koe sadajana, soepaja kasenangan, kaoentoengan, kasalametan djeung kakawasaan Islam bisa kaoedag.

**TENGKOE MH. OESMAN:** Noehoen koering dibere kasempetan koe voorzitter, sanadjan diloeka-leko koemaha oge, tetep ieu arah perlawanan teh salah, sabab oerang koedoe ngarti, sakabeh ibadah teh foeroe', kitoe deui foeroe' eta, maksoedna keur ngaboektikeun tauhid, karana tauhid teh henteu bener, lamoen henteu diboektikeun koe ibadah, koering teu njana pisan P.S.I. baris ngalalaworakeun kana foeroe', malah di Atjeh mah lamoen heug aja pamimpin Islam teu daek salat teh, geus manten rentjongna (djambia), disabetkeun kana poendoekna pamimpin Islam anoe palsoe tjara kitoe, komo lamoen oerang ngingetkeun kana elmoe njawa mah, njata pisan salat teh alias foeroe' gede goenana. Pendek tjarita koering protest, anoe sanget pisan, boeroe-boeroe ieu arah perlawanan teh geura robah, sabab peta kieu teh njoelajaan pangadjaran Islam anoe nembrak pisan.

**H. MH. ROMLI:** Koering datang kana ieu vergadering teh, kalajan nampa ondangan koe soerat panangtang ofisil, tapi sadatangna koering kana ieu pasamoan, soemawonna ti anoe sedjenna meunang hormatan anoe sapantesna, geuning bieu ti voorzitterna ieu pasamoan kaleh ka geus meunang binaan djeung tjatjian, koe omongan-omongan anoe kalalotor, jen koering djeung babatoeran koering teh, tjenah sjetan, iblis, toekang metjah djeung toekang fitnah. Sanadjan leuwih ti kitoe 'oge kotorna omongan voorzitter, koe koering moal dibales, anging ngoetjapkeun n o e h o e n, sarta rek ngemoetkeun kana tjariosannana boedjangga Islam bae. kieu:

يُخَاطِبُنِي السَّفِيْهُ بِكُلِّ قُبْحٍ وَأَكْرَهُ أَنْ أَكُوْنَ لَهُ مُجِيْبَا
يَزِيْدُ سَفَاهَةً وَأَزِيْدُ حِلْمًا كَعُوْدٍ زَادَهُ الْاِحْرَاقُ طِيْبَا

Hartina : Geus ngomong ka koering djalma anoe sapih, koe roepa-roepa omongan anoe kotor, tapi koering teu resep kana ngadjawab, beuki tambah omonganana anoe kotor koering mah rek nambahan kaarisan bae, saperti kai koekoes beuki pohara didoeroekna anggoer beuki nambahan seungitna.

Teroes spreker malikan deui anoe ditjaritakeun koe spreker dina waktoe openbare vergadering di Tjilame, lantaran loba anggapan lid P. S. I. anoe njeboetkeun, jen djelema - djelema anoe kaloear tina lid P. S. I. teh, eta kaloear tina Islam, padahal eta anggapan kitoe teh pohara salahna, sabab nisbatna P.S.I. djeung Islam teh, noeroetkeun tjeuk ahli parabot mah „o e m o e m, h o e s o e s m i n w a d j h i n" sakapeung sok bareng, sakapeung sok pisah doeanana, njaeta aja Islam djadi lid P. S. I., saperti lid P. S. I. noe sok ibadah, aja Islam lain lid P. S. I., saperti para Kiai anoe teu djadi lid P. S. I., atawa saperti Islam loeareun Indonesia, kitoe deui aja lid P. S. I. anoe lain Islam, njaeta lid P. S. I. anoe teu daek salat, djadi anoe kieu mah ngan lid P. S. I. woengkoel tapi lain Islam.

Ajeuna djisim koering rek nerangkeun asas Islam anoe toelen, njaeta : 1 sahadat, 2 salat, 3 zakat, 4 poeasa djeung 5 hadji, anoe matak sahadat didjieun ti heula sabab poko, lamoen sagala amal ibadah ngalampahkeun, tapi henteu bener sahadatna eta moal ditarima, naha

naon maksoedna sahadat teh ? Maksoedna sahadat teh kahidji netepkeun kahidjianana Goesti Allah, kadoea netepkeun kaoetoesanaNa Kdj. Nabi Moehammad s a.w., djadi oerang teh koedoe ngadjaga kana pabatalanana eta sahadat doea, njaeta anoe koe koering djeung batoer-batoer koering keur dihantja, njaeta ari sahadat anoe kahidji batalna teh koe njorang kana pamoesjrikan, ari sahadat anoe kadoea batalna koe njorang pabid-'ahan, samangsa-mangsa batal sahadatna, tangtoe moebadir ibadahna. Tapi pohara anehna, koering djeung batoer-batoer, pedah sok nerang-nerangkeun pamoesjrikan djeung pabid'ahan, bet meunang ganggoean ti Bestuur P. S. I., malah djadi oepat-oepatan, diseboet toekang fitnah, sjetan, iblis; pamimpin Islam anoe djiga kitoe teh !? Kade doeloer² bisi kapalsoe milih pamimpin Islam teh, sing emoet kana dawoehan Goesti Allah ieu :

إنما وليكم الله ورسوله والذين آمنوا

Hartina : Pastina ari pamimpin maraneh eta Allah djeung oetoesanaNa djeung djalma-djalma anoe ariman.

Toeh geuning doeloer² pamimpin teh koedoe djalma anoe iman, sedeng Bestuur² P. S. I. bet ngarintangan ka noe nolak bid'ah, njeboetna oge sjetan, anoe kitoe djalma moe'min !? anoe kitoe pamimpin Islam !? Kade doeloer - doeloer bisi kapalsoe, sing emoet kana wasiatna Kdj. Nabi : engke di achir djaman bakal aja anoe ngakoe djadi kokolot, anoe omongannana leuwih amis tibatan madoe, nepi ka djalma-djalma teh katarik hatena, tapi وقلوبهم قلوب ذئاب atina ati meong, te-

gesna rek ngaroeksak oemmat, sakoena ra'jat teh tidewel, merdika teu katepi, ari paeh disampakeun djahannam, sabab ibadahna teu di balenerkeun, milampah bid'ah djeung moesjrik oge di antep bae, asal satia kana contributie eta anoe diseboet iman.

Pangna koering keukeuh djeung batoer-batoer hajang nerangkeun pabid'ahan teh, sabab aja dawoehan Kangdjeng Nabi :

اذا ظهرت البدع وسكت العالم فعليه لعنة الله

Hartina : Dimana gelar bid'ah tapi djalma 'alim tjitjing bae, mangka tetep ka manehna bebendon Allah.

Toeh doeloer - doeloer, kakara koe ngantep bae kana bid'ah, geuning geus meunang la'nat, komo lamoen tjara Bestuur P. S. I. mah, lain ngantep deui ieu mah ngahalangan ka noe keur nolak bid'ah teh, noe kitoe pamimpin Islam? Doeloer - doeloer teh koedoe emoet kana dawoehan Goesti Allah, ieu :

وانتم الاعلون ان كنتم مؤمنين

Hartina : Ari maraneh eta anoe leuwih loehoer, tapi lamoen maraneh moe'min.

Koe oerang kaharti meunang soteh kaloehoeran lamoen moe'min. Bieu tjikeneh tjeuk Akis, mani awong-awongan, njeboetkeun P.S.I. moal ngoeroeskeun foeroe' anoe chilafiah, sabab geus njata tjenah matak petjahna oemmat, tampolana nepi ka aja pamimpin Islam djiga

kitoe, kapan dina Qoer - án geus disadiakeun, pikeun mareboetkeun foeroe' anoe chilafiah teh, njaeta :

فـــان تنا زعتم في شيء فردوه الى الله والرسول

Hartina : Lamoen maraneh pareboetan dina hidji perkara, mangka koedoe balikeun koe maraneh kana Qoer-án djeung kana Hadits.

Kitoe deui dina agama Islam mah larangan gede pisan, megatkeun perhoeboengan djeung kaoem atawa djeung djelemana, tapi kapan P. S. I. mah geuning geus njieun partij disiplin ka Moehammadijah. Panganggeusan tjarita koering, satoengtoeng P.S.I. ngajakeun arah perlawanan anoe djiga kitoe djeung ngajakeun disiplin ka Moehammadijah, tetep koering njeboet koempoelan sasar, koempoelan ahli bid'ah.

**ABDOELLAH AHMAD :** Bantahanana ampir saroepa djeung H. Mh. A. Sanoesi.

**AKIS** ngadjawab sagala bantahan, ari maksoedna mah, tapi sadjaba ti oeroep-ap-eureup-eup teh, teu poegoeh alang oedjoerna, noetoerkeun sakarep isoen, djadi lain djawaban ka noe ngabantah.

**T. TJOKROAMINOTO :** Saenjana hate koering ngarasa beurat rek toekeur pikiran djeung batoer-batoer koering anoe geus digawe babarengan dina P.S.I. poeloeh poeloeh tahoen, tapi ngarasa boengah, doemeh anoe dibantah teh lain asas djeung program tandhim, tapi anoe dibantah teh arah perlawanan, atoeh da ieu teh pagawean djelema, tangtoe bae aja salahna, engke mah oerang bawa kana congres M. O. P. S. I soepaja dirobah.

Sebenerna lamoen aja djelema anoe njaritakeun laloeasa ibadah di tanah anoe teu merdika eta omong kosong.

Djeung ieu tafsir asas program tandhim, kitoe deui werk program, ditjitakna teh meunang hadiah ti sdr. Hassan Bandoeng, malah koe koering sdr. Hassan dibere laloeasa pikeun ngobah kana sagala hal naon bae, anoe teu panoedjoe kana eusina ieu boekoe tafsir, tapi pohara heranna, bet ajeuna djol bae rame-rame ngabarantah ti pihak toean Hassan, njaeta hidji djelema anoe geus dibere kalaloeasan, pikeun ngomean kana eusina asas, werk program tandhim djeung arah perlawanan tea. Spreker teroes medal sila ari basana mah aja kaperloean rek ka Bandoeng 'tapi ngahekok di Tjipanas !?)

**H. MOESTAFA KAMIL :** Perselisihan dina chilafiah anoe ngeunaan foeroe' teh, enja wadjib hoekoemna, sabab djadi tholab tea, tapi ari djadi pertengkaran mah salah njaeta haram.

**H. JOESOEFTHADJIRI :** Sakanjaho koering mah, henteu aja dina asas P. S. I., atawa dina organisasiena, anoe ngandoeng maksoed njarek nolak bid'ah, lamoen koering dina P.S.I. manggihan atoeran, anoe maksoedna njarek nolak bid'ah, tangtoe bae koering pangheulana ngedjat kaloear tina P. S. I. teh, malah koering geus nanja ka bapa koering nja ieu toean Tjokroamigoto bapa koering teh (iraha nikahna toeang iboe ka toean Tjokro teh!? Publiek tina ieu hal, ari saoer antoean Tjokro teh!? Publiek tina ieu hal, ari saoer antoean Tjokro teh!? Publiek tina ieu hal, ari saoer anto

boentjelik ambek-ambekan tara ngaregepkeun hoedjah batoer).

Kitoe deui tadi pihak anoe ngabantah, geus njaritakeun sakola Tjilame, eta teh sabaraha reboe lid P.S.I. anoe dengklek taktakna, ngoendjalan batoe djeung keusik keur kaperloean eta sakola. Sarta tadi ti eta anoe njarita keneh, tjenah aja oeroet toea - Kampoeng djadi pamimpin Islam, anoe kitoe mah teu djadi heran, kapan Kdj. Nabi oge toekang ngangon domba, leuwih hina tibatan toea-Kampoeng, geuning koe pitoeloeng Allah, bisa sakitoe moeljana.

## TWEEDE TERMIJN.

**H.A.R. SOEKANTAWIDJAJA:** Doeloer! Doeloer! Moal aja enggeusna debat teh, ari didjawab koe anoe oelal-elol lamo pok bae mah geura kieu:

Tadi tjeuk Akis anoe oelah teh pertengkaran, naha saha anoe ngadenge aja ketjap pertengkaran, dalah ti Akis oge kakara ajeuna, keur loeka-leko neangan kameunangan, kapan anoe dibarantah teh ketjap ngagede-gedekeun perselisihan alias chilafiah tea, tjek koering hockoemna wadjib, sedeng ma'nana pertengkaran mah pasea sili tjakar, tjing atoeh ngadjawab teh, oelah sakaroempang - rampeng teuing atoeh da perkara hak rek di lawan koe kahajang nafsoe anoe dibarengan koe sieun era bisi diseboet eleh mah, kalahka ngatjo anoe ngadjawab teh, kamana - mendi teu poegoeh alang-oedjoerna.

Tadi tjeuk toean Tjokro, omong kosong djelema anoe ngakoe laloeasa dina ibadah di nagara anoe teu merdika, djawab koering: Pikeun foeroe' mah laloeasa

dimana bae oge, anoe teu laloeasa soteh ngadjalankeun hoekoem Islam anoe patali djeung hakna chalifah.

Kitoe deui koering kalajan namina toean Hassan : leu boekoe tafsir anoe ajeuna didjoealan, eta lain meunang njitak toean Hassan, tapi anoe ditjitak koe toean Hassan mah, ngan anoe dieusi asas djeung program tandhim, henteu aja toeloejna make daja oepaja arah perlawanan mas-alah chilafiah foeroe' tea, pek arilikan dina boekoe asas P. S. I. anoe di typ Drukkerij Persatoean Bandoeng. Kitoe deui koe oerang koedoe kaharti, asa pamohalan teuing, hidji asas pergerakan anoe meunang ngarempoegkeun koe congresna sababaraha kali, nepi ka di merdikakeun sina di robah-robah, koe hidji djelema njaeta toean Hassan, lamoen enja kitoe, tetela toean Tjokro teh atjan timoe ngeujeuk pergerakanana, geuning bieu saoer andjeunna, ngarobah saeutik bae oge, tina arah perlawanan ibadah, ngarobah ketjap-ketjapna, tjenah rek dibawa ka congres, komo ieu mah asas sagemblengna, bet dimeunangkeun diobah koe hidji djaluna sakadaekna.

**OEMARDIN** : Ngoeatkeun tjaritaan 1e. termijn.

Doeloer[2] ! Tangtos koe sadajana ka koeping, katerangan[4] anoe dikaloearkeun koe pihak djisim koering mah kabeh oge katerangan-katerangan teh noeroetkeun Qoer-án djeung Hadits saheh sarta dilisankeun meureun ka karoeping koe arandjeun, sedeng ari ti pihak P.S.I. sadjaba ti oeroep-ap-eureup-eup teh bari djeung ngatjo alias patonggong-tonggong, mani teu sakemek-kemek atjan ngabidjilan dalil, katembong koe arandjeun baro-dona teh, belegoegna, gede soengoetna, radjeun teh aja tadi geuning tina ieu boekoe asas anoe meunang ngarang kang Emas, kitoe oge meureun meunang tatanja

ti batoer da kang Emasna mah koering oge njaho djelema teu njaho di alip bingkeng[2] atjan, estoening kaloearan ti kebon kaso, nepi ka djelema[3] ngangken atawa ngakoe saperti ka wali, atawa ampir dianggap Nabi panoetoep, toer djisim koering njaho pisan jen eta teh hidji djelema anoe goblog alias toekang nipoe ka ra'jat, tjatjakan djisim koering lamoen mah dipasisihan kalonggaran koe ieu voorzitter vergadering njaeta njaritakeun persoonlijk tangtoe dina ieu waktoe koering bisa noendjoek kana iroengna mana pamimpin palsoe djeung mana pamimpin anoe sadjati.

H. A. SANOESI: Abong letah teu toelangan, njata Akis teh toekang gedeboelna, gede bohong, oetjoetboeroeng, geura ieu weleh-weleh dina boekoe euweuh ketjap pertengkaran, djeung titadi oge anoe djadi toetoer-tjatoer teh ketjap perselisihan alias chilafiah, ari ajeuna djol bae ketjap pertengkaran, ngomong teu djeung pikiran lamo disada bae, da poegoeh djelema bodo belegoeg kana Agama, tapi hajang diseboet njaho, tangtoe bae kana ngatjona teh.

Geura ngatjona teh, ari koering mah njeboet wadjib teh, hartina ngahoekoeman wadjib teh tjeuk Agama njaeta koe dawoehan Goesti Allah, jen wadjib moedjadallah teh, sedeng ari di djawab koe Akis, bet koe pangira-ngira manehna teu make dalil sjara, pokna teh : Haram moedjadallah teh, tah anoe ngahoekoeman haram lain koe sjara teh, tegesna lain koe hoekoem Allah, anoe kitoe teh kafiroen, dholimoen, fasikoen. Mana tjeuk koering oge P. S. I. teh, lain koempoelan anoe berdasar Islam, tapi berdasar papahaman, geuning bieu Akis mani bebered, atjoeng-atjoengan tjoeroekna, bari ngomong oeroep-ap, eureup-eup, hajang di andel, moal enja aja anoe ngandel ka anoe ngomong ngatjo kitoe,

tah kitoe sababna noe matak koering kaloear tina lid P. S. I. teh, lantaran di bandoenganana koe koering Bestuur[a] P. S. I, teh, lolobana sok moeter-moeter letah teu make alesan Agama.

Pihak pimpinan rek ngadjawab deui, tapi koesabab anoe ngadarebat inget kana kawadjiban salat asar, anoe waktoe harita geus meh poekoel lima, toer pihak anoe ngadjawab henteu aja anoe berdasar Islam, kabeh pangira-ngira djeung pamantes bae.

Pihak anoe ngadebat poekoel 5 koerang saparapat, medal sila tina vergadering sabab rek ngadjalankeun wadjib salat.

Pihak P. S. I. sanadjan Asar geus achir, teroes vergaderingna, sabab henteu ngarasa wadjib kana foeroe'.

TAMMAT

---

# VERSLAG RINGKES

Openbare debat vergadering anoe diajakeun koe pihak Persatoean Islam ngaladenan panangtangna P.S.I.I. di Kadoengora ddo. 10 April '32.

---

Anoe ngadeugdeug koerang leuwih 2000 djalma, loba djalma mangreboe-reboe baralik deui teu kabagean tempat.

Oetoesan perhimpoenan : Pasoendan Garoet, Pasoendan Leles, Persatoean Islam Bandoeng, Pembela Islam Bandoeng, comite Oemmat Islam Tjilame, Persatoean Islam Leles, Pembela Islam Leles, Pembela Islam Garoet, comite Madrasah Al-Azhar Garoet.

Pers: Sipatahoenan, Pembela Islam, Soeara Atjeh, Keng Po, Sin Po, Kiauw Po, Bintang-Timoer, Java-Bode, Tjahja Islam, Al Fatwa, Al Jaum.

Pihak politie lengkep.

Poekoel 9 isoek-isoek vergadering diboeka koe H. A R. Soekantawidjaja, wakil voorzitter saheulaanan, anoe dimimitian koe kahandjakalanana, wireh anoe diondang officiel teu daratang, padahal dina boekoe expeditie geus naranda, nandakeun geus narima eta ondangan.

Tjeuk voorzitter : Ieu openbare debat teh lain nangtang saperti anoe djadjagoanan, tapi ngaladenan panangtangna pihak P. S. I. I., anoe geus mindeng pisan nangtang debat ka sagala pihak, malah waktoe P. S. I. ngajakeun openbare vergadering di Leuweung Tiis djeung di Leles, doemeh anoe ditangtangna, njaeta saderek oerang H. M. Romli teu datang, lantaran di tjaram koe koering sabab kikitoean teh, henteu pihadeeun baloe-

karna. Koesabab kitoe, pihak P. S. I. I., gigibrig kongkorongok, saperti anoe ngeplek djawer ngandar djangdjang, ngaromong sakadaekna, teu aja pisan ampeuhan, loeloendjoek tetendjrag, ngahina-hina ngawoerkeun omongan-omongan anoe kalotor, anoe ditibakeun ka dirina Kiai Mh. Romli djeung ka sabatoerna.

Djol deui panangtangna P. S I. anoe di ajakeun di Tarogong, di dieu mah kakara diladenan, sarta ra'jat pada njaksian, koemaha kapepedna P. S. I. waktoe harita. Koesabab njata toer karasa koe pihak P. S. I. jen maranehna teh kapeped, pikeun mindingan kasalahan maranehna, djol bae toedingan² basana Soegri anoe ngabarantah teh pihak provokasi, pihak pemetjah, anoe meunang oepah ti pihak pamarentah, pikeun ngantjoerkeun pergerakan ra'jat, nepika ka batoer-batoer koering teh, njeboetkeun balad - baladna dadjdjal geus baridjil ka alam Doenja, malah kana ieu vergadering atjan poegoeh aja 10 elid P. S. I. I. anoe datang, sabab kamarina Bestuur³ P. S. I. geus njieun spoed leden vergadering, anoe maksoedna ngalarang leden P. S. I. datang kana ieu vergadering, karana haram ngadatangana, kana ieu vergadering anoe dipimpin koe Dadjal'.

Koe lantaran omongan-omongan anoe roepa kieu pisan, noe ngadjadikeun dina ieu poë ngajakeun openbare debat teh, maksoedna, baris mere panerangan ka ra'jat, njaeta : Agenda kahidji baris mere panerangan, anoe koemaha ari pamimpin anoe bersifat Dadjal, sarta anoe koemaha ari pamimpin Islam sadjati, noeroetkeun katerangan tina kitab Allah (Al-Qoer-án) djeung soenah Nabi (Al-Hadits saheh).

Kadoea arandjeun baris meunang obor tina salahna arah perlawanan P. S. I. I. anoe patali djeung ibadah sjare'at.

Katiloe, di dieu arandjeun baris meunang katerangan, naon sabab-sababna noe matak pergerakan[2] Islam anoe lain P. S. I. di sakoeliah Indonesia, waktoe ieu kabeh pada nonggong ka P. S. I., padahal waktoe ka toekang[2] eta pergerakan Islam teh pada djadi barisanana P. S. I., kitoe deui baris meunang katerangan ka teu adilanana djeung ka teu beneranana pimpinan openbare debat di Tarogong anoe diajakeun koe P. S. I. Priangan Wetan tanggal 28 Maart 1932.

H. Mh. Romli, mere panerangan tina hal tjiri[2]na Pamimpin Islam sadjati, djeung tjiri-tjirina Pamimpin Islam anoe bersifat Dadjdjal, noeroetkeun katerangan ti Allah s. w. t. djeung ti Rasoeloellah.

H. Mh. Anwarsanoesi, nambahan katerangan tina hal tjiri-tjirina Pamimpin Islam sadjati djeung Pamimpin Islam anoe bersifat Dadjdjal, noeroetkeun katerangan tina kitab Allah djeung soennah Rasoel.

Voorzitter vergadering diteroeskeun koe H. Mh. Romli.

H. A. R. SOEKANTAWIDJAJA: Koering nangtoeng didieu, ngarasa lain tempatna, lamoen koedoe njaritakeun sabab-sababna P. S. I, patoeraj djeung pergerakan politiek anoe sedjenna, ngan bae oerang geus pada njaho, P. S. I. anoe toekang neangan persatoean, tapi P. S. I. anoe sok pangheulana medal sila tina eta persatoean, P.[3] K. I. teh djadi tina tjita[3] P. S. I. dina congres Pakalongan, tapi P. S. I. anoe pangheulana medal sila tina eta persatoean. Oerang pada terang, sakabeh pergerakan politiek koe P. S. I. dipojok, kaoem cooperatie digogoreng koe roepa-roepa omongan anoe bisa njoelap soepaja tangtoengan P. S. I. djiga bener, kaoem P. N. I. djenatna, anoe sasama pada non, eta

oge dipojok bebeakan, pamimpin² pergerakan politiek anoe sedjen di tjetjel hidji-hidji dirina digogoreng, bari henteu loepoet, tina noeding provocasie, pemetjah, spion anoe meunang boeroeh pikeun kaoentoengan dirina sorangan. Kitoe deui pergerakan Islam anoe maloeloe mentingkeun perkara ibadah djeung social, leboer digogoreng dibadoeg ngentja katoehoe, sepak-terdjang koe roepa² hinaan djeung tjelaan anoe achirna djadi patoeraj, nepi ka waktoe ieu teu aja hidji pergerakan Islam anoe sedjenna, anoe njanghareup ka P. S. I., kadjadianana P. S. I. waktoe ieu, ninggalkeun ka sasama pergerakan politiek djeung ka sasama pergerakan Islam anoe sedjenna.

Didieu koering pereloe mere katerangan sabab-sababna noe matak pergerakan² Islam patoeraj djeung P. S. I., eta teh teu aja deui anging pamimpin-pamimpinna, lalantjang biwir boga tabe'at moeroegoel, naon bae oepama P. S. I. ngabogaan maksoed, toeloej aja pihak anoe ngabantah, tah ka anoe ngabantah teh, geus djadi tabe'at pamimpin P. S. I., teu eungeun² njeboetkeun provocasi, atawa spion, pendekna soegri toedingan-toedingan anoe hararina sok ditamblogkeun ka eta anoe ngabantah tea, kitoe deui sok ngabarogaan tabe'at sirik-pidik djeung tjegoekan, lamoen manehna nendjo pergerakan anoe sedjenna aja dina kamadjoean.

Oerang njokot tjonto, P. S. I. djeung Moehammadijah teh, kapan oerang pada terang anoe sakitoe lajeutna, anoe sakitoe ngahidjina, koe lantaran Moehammadijah anoe sakitoe madjoena dina social dina onderwijsna, toeloej bae njirik, bari neangan roepa² alesan keur ngagorengkeun Moehammadijah djeung keur ngabenerkeun maranehanana, toeloej njeta teu berpoli-

tiek djeung subsidie, sarta make alesan, 1e pergerakan Islam anoe teu berpolitiek teh saperti badan henteu boga roch, 2e. subsidie teh haram, 3e. sakola anoe di subsidie teh henteu laloeasa ngadjarkeun pangadjaran ka ra'jatan, di watesan koe itoe bae. Di djawab koe Moehammadijah. 1e. Pergerakan Moehammadijah pergerakan Islam, politiek atawa lainna teu njaho, ngan rek digawe soegri parentah Islam, 2e. subsidie henteu haram sabab henteu aja nas tina Agama anoe ngaharamkeun, 3e. sanadjan sakola anoe teu di subsidie oge henteu laloeasa ngadjarkeun pangadjaran ka ra'jatan, anoe kitoe oge di watesan, geuning sababaraha hidji Goeroe-goeroe P. K. I. djeung Goeroe P. S. I. anoe di schors sabab ngaliwatan wates pamarentah, kitoe deui loba sakola P.K.I. anoe di boebarkeun koe pamarentah, djeung lamoen subsidie teu dipenta koe pihak Islam, tangtoe bae meureun eta doeit anoe disadiakeun keur subsidie teh dipenta kabeh koe kaoem Karesten, ana kitoe saroea bae djeung oerang ngaridokeun oemmat Islam dikarestenkeun. Koe pareboet omongan kieu teroes djadi oepat-oepatan bari loeka leko neangan alesan bari henteu sepi tina noeding koe roepa-roepa hal anoe hararina, toengtoengna kawalahan teroes njieun disiplin ka Moehammadijah, padahal ieu teh ngarempak pangadjaran Islam, megatkeun perhoeboengan djeung sasama oemmat Islam.

Toeloej djeung Wal-Fadjri djeung Irsjad, doemeh tafsir Qoer-án Malwi Moehammad 'Ali ditolak koe Madjlis 'Oelama', anoe dina eta waktoe sdr. Hani djadi voorzitterna M. O., kadjadianana leboer ieu doea koempoelan dioepat-oepat, bari diroeier tina anggahota M. O.na.

Kitoe deui djeung Persatoean Islam, doemeh eta

tafsir tea dimoefakatan, djeung loba karep P.S.I. anoe teu di roedjoekan, toeloej djadi oepat-oepatan kalajan toedingan-toedingan anoe hararina, achirna maen roeier-roeieran. Tjindekna mah, pangna pergerakan' Islam anoe sedjen nonggong ka P. S. I. teh, njaeta : 1e. sok lantjang biwir, bari noeding anoe lain-lain, koe omongan' anoe hararina, 2e. sok tjegoekan lamoen karep maranehna teu karoedjoekan. 3e. sok sirik-pidik.

Ajeuna koering rek mere katerangan ka teu beneranana djeung ka teu adilanana pimpinan openbare vergadering debat di Tarogong, njaeta : 1e. voorzitter eta vergadering teh, ngadadasaran koe omongan' anoe kalalotor, saperti provocasie, pemetjah, sjetan' djeung iblis' anoe disanghareupkeun ka pihak anoe rek ngadebat. 2e. teu bisa njekel rust djeung orde, nepi ka rust djeung orde teh ditjekel koe anoe njarita 'spreker' njaeta Akis, saperti dina ngaratap tangis ka politie, mere inget kana kawadjiban politie, eta teh lain hak spreker tapi hak voorzitter, 3e. voorzitter teh teu adil, sagala timbangan anoe dikedalkeun ti pihak anoe rek ngadebat, lain bae teu ngaregepkeun, tapi teu pisan mere pangadjen, sabalikna ari batoerna mah saperti Akis sanadjan ngomongna ngatjak, njaeta ngareboetan hak voorzitter, eta kitoe teh dibenerkeun koe voorzitter, tah meureun ari anoe ahli mah kana pergerakan, tangtoengan voorzitter anoe pantar kitoe teh, moal aja anoe njeboet bener atawa adil.

T. Zamzam, nerangkeun tangtoengan Persatoean Islam, anoe ajeuna geus aja poeloehna reboe, anoe ngakoe kana kabeneranana P. I., djeung nerangkeun sababsababna patoeraj djeung P. S. I., djeung Persatoean Islam geus ditoeding spion djeung pemetjah, tapi maranehna teu bisa nembongkeun boekti'.

T. Oemardin nembongkeun ka teu panoedjoeanana ka P. S. I.

Toean Abdoellah Pembela Islam Bandoeng, nerangkeun sabab-sababna Pembela Islam patoeraj djeung P. S. I., njaeta koe sabab P. S. I. sok noeding-noeding anoe lain-lain, djeung gampang pisan maen baekotan, saperti koering oge geus ngarasa dibaekot koe P. S. I., malah ngasoetna teh lain bae ka pihak lalaki P. S. I. teh, ka pihak istri oge diasoet, saperti Persatoean Istri di Bandoeng hantem koe maranehna diasoet-asoet.

H. Mh. Anwarsanoesi, njoba kana arah perlawanan P. S. I. tina perkara Ibadah Sjare'at.

Poekoel 12 vergadering ditoetoep, kalajan soegri spreker njeboetkeun handjakal, anoe diondang debat teu daratang.

TAMMAT

PERPUSTAKAAN NASIONAL RI
Tanggal : 12-01-2012
Item ID : 01125300 42
No. Induk : 20120010300 3928
ID : 0010-65564960
Hadiah : Hadiah

„PERSATOEAN ISLAM" BAGIAN POESTAKA

BANDOENG.

Njajagikeun roepi-roepi boekoe basa Soenda, anoe parenting eusina, gede goenana, pandjang mangpaatna doenja - acherat:

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Al-Foerqan ka 1, 2 | pangaosna | dina | sadjilid | f | 0.80 |
| „ „ 3, | „ | „ | „ | „ | 1.— |
| Al-Boerhan „ 1 | „ | „ | „ | „ | 0.70 |
| „ „ 2 | „ | „ | „ | „ | 1.— |
| Kasopanan Islam | „ | „ | „ | „ | 1.— |

OGE SAJAGI BOEKOE² BASA MALAJOE:

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Pengadjaran Salat ka 1, 2, 3, 4, tammat | pangaosna | dina | sadjilid | f | 1.— |
| Soeal-Djawab ka 1,2,3,4,5,6, | „ | „ | „ | „ | 1.— |
| Al-Moechtar ka 1 | „ | „ | „ | „ | 0.80 |
| Al-Moechtar ka II | „ | „ | „ | „ | 0.90 |
| Al Djawahir | „ | „ | „ | „ | 0.60 |
| Kesopanan Tinggi | „ | „ | „ | „ | 1.— |
| Zakat | „ | „ | „ | „ | 0.50 |
| Risalah Djoem'ah | „ | „ | „ | „ | 1.50 |
| Talqien | „ | „ | „ | „ | 1.— |
| Tarich dan kemadjoean Islam di Spanjol | „ | „ | „ | „ | 1.50 |

Sareng seueur keneh kitab - kitab anoe perloe dikanjahokeun, wadjib dipibanda, teu atjan kasebat di dieu. Langkoeng sae poendoet prijscourantna atanapi pesen ka adres anoe kasebat diloehoer.

# MOENG F.0.20 BAE!

Oepami djoeragan ngintoenkeun artos f 0.20 ka **„Persatoean Islam"** Bandoeng, djoeragan bakal nampi hidji boekoe paranti babatjaan dina keur waktos salat anoe sampoerna.

Salian ti babatjaan²nana ditoelis koe aksara Arab, dioenikeun koe aksara Latijn (Walanda) teh, oge dihartikeun koe basa Malajoe anoe pertela, (oemoemna disareboet basa Indonesia) toeroeg-toeroeg gampil pisan dihartoskeunana.

Kaloearna boekoe anoe kaseboet diloehoer bieu, kenging ngahadja pisan, djalaran ngemoetkeun sanes saeutik etangannana (djoemlahna) doeloer-doeloer oerang anoe teu ngartos kana anoe sok diketjapkeun dina keur waktos salat tea, atoeh nalapoeng, teu bisa ngadji diri, ngedjah raga, padahal saenja-enjana mah, anoe pohara pisan gede goenana, pandjang mangpaatna pikeun dina djero hiroep koemboeh oerang.

**Eta boekoe disajagian doea roepi:**

Saroepi nganggo aksara Arab, dioenikeun sareng dihartoskeun koe aksara Latijn.

Anoe saroepi deui, woengkoel sadajana nganggo aksara Arab. Pangaosna sami.

**„Persatoean Islam"**

BANDOENG.